



Pake pou nouvo elèv TYWLS!



Chè elèv pwomosyon k ap fini an 2027 ak 2030,

Byenvini nan TYWLS epi konpliman poutèt yo chwazi w pou youn nan pi bon lekòl fi oswa gason sèlman ak lekòl gratis nan peyi a! Mwen trè fyè de travay ou te akonpli nan lekòl primè epi mwen anvi kòmanse eksperyans nan lekòl presegondè oswa segondè avèk ou! Gen plizyè pwofesè ki kontan rankontre w. W ap wè mwen trè souvan, men si w ta renmen pase epi prezante tèt ou, mwen ap nan biwo, sal 321!

Men kèk enfòmasyon itil nou prepare pou ou menm ak fanmi ou, tanpri li yo ansanm. Konpliman ankò klas 2027 ak 2030.

- Lis founiti klasik pou lekòl la
- Kesyon moun poze souvan (Frequently Asked Questions, FAQ)
- Enfòmasyon enpòtan sou depatman edikasyon an (Department of Education, DOE)

Enfòmasyon enpòtan

- **Kòman mwen ka jwenn enfòmasyon sou entènèt konsènan TYWLS?**
 - Vizite sitwèb lekòl nou an (www.tywlsqueens.com) pou jwenn enfòmasyon sou istwa ak reyalizasyon nou yo.
 - Swiv nou sou Instagram nan tywlsqueens.
- **Kilè jounen mwen kòmanse epi fini?**
 - Premye jou lekòl la se jedi 7 septanm 2023
 - Yo bay manje maten chak jou apati 07:30 am rive 07:55 am.
 - Lekòl kòmanse egzakteman a **08:00 am. W ap itilize ranp ki nan 155th Street, epi ant 87th Avenue ak 87th Road.**
 - Lekòl fini chak jou a **2:17 pm. Y ap ranvwaye w lè w itilize pòt antre lekòl la.**
- **Kilè m ap resevwa yon Metrocard?**
 - Y ap distribiye Metrocards premye jou lekòl la.
- **Èske paran m ka mennen mwen nan salklas la premye jou lekòl mwen?**
 - Dezole, men ou se yon gwo ti fi kounye a! Lè ou rive lekòl la, ou ka bo ak bay manm fanmi w yon gwo akolad ak menm pran yon foto, men w ap antre nan bilding lan poukont ou.

Avèk senserite,

Mala Panday, Direktè

Leadership

STEM

College-Bound

Health & Wellness





Chè elèv elèv ak fanmi TYWLS,

Nou espere ou pral gen yon ete agreyab epi ou ap gen kèk tan pou detann ak rekonekte an fanmi. Pandan n ap prepare pou retounen lekòl an septanm lan, w ap poze anpil kesyon konsènan founiti lekòl ou yo. Pi ba a, w ap ou jwenn founiti nou rekòmande pou lekòl la. Sa a se jis yon lis preliminè epi apre sa y ap pataje yon lis ki gen plis detay nan semèn kap vini yo.

Materyèl

Aparèy ki gen entènèt (konpitè, *iPad/tablet, smartphone*, etc.)
Hand sanitizer (dezenfektan pou men)
Wipes
Katab pou chak klas
Yon kaye konpozisyon (pou itilizasyon pèsònèl elèv sèlman)
Plim (pou itilizasyon pèsònèl elèv sèlman)
Krayon (pou itilizasyon pèsònèl elèv sèlman)
Kadna ak konbinezon

Leadership

STEM

College-Bound

Health & Wellness





ORÈ KLÒCH 2023-2024

Peryòd	Lè
Kazyè (AM lockers)	8:00 - 8:03
1	8:03 - 8:48
2	8:50 - 9:35
3	9:37 - 10:22
4	10:24 - 11:09
5	11:11 - 11:56
6	11:58 - 12:43
7	12:45 - 01:30
8	01:32 - 02:17
Kazyè (PM lockers)	2:17 - 02:20
Ranvwa	2:20

Leadership

STEM

College-Bound

Health & Wellness





Kesyon moun poze souvan (Frequently Asked Questions, FAQ)

1. Kòman pou mwen kòmande inifòm lekòl la?

- a. Pou kòmande inifòm TYWLS la, suiv etap ki pi ba yo:
[Inifòm TYWLS: 2023-2024](#)

2. Kilè pitit fi mwen an ap konnen orè li?

- a. Y ap distribye pwogram yo 7 septanm 2023.

3. Kòman mwen pral resevwa enfòmasyon sou aktivite k ap fèt nan tout lekòl la?

- a. Chak elèv ap resevwa yon kalandriye chak mwa k ap gen dat enpòtan, ak aktivite k ap fèt nan tout lekòl la. Ale nan *Google Classroom TYWLS Scoop* pou tout anons lekòl la.

4. Kòman mwen ka kominike avèk pwofesè yo?

- a. Chak madi soti 2:55 pm rive 3:25 pm se lè yo fikse pou pwofesè kontakte fanmi yo. Fanmi ka planifye reyinyon avèk pwofesè yo pandan tan sa a chak semèn.

Leadership

STEM

College-Bound

Health & Wellness



HARVARD
Extension School





EGZANP: Ezanp orè pou klas nevyèm ane

Sa a se nimewo ID elèv ou a. Ou gen menm nimewo sa a depi lè ou antre nan lekòl leta vil Nouyòk! W ap itilize nimewo sa a lè w ap manje midi ak fè anpil lòt bagay pandan tout tan w ap pase lekòl la.

Sa a se klas ofisyèl ou a. Se pa tout elèv ki nan klas sa a ki gen menm orè a, men orè yo sanble.

Sa a se konseye pedagogik ou a, Madam Burdier, ki la pou ede w avèk nenpòt kesyon oswa enkyetid ou genyen. Li ap konseye w pou klas 9^{em} ane. Mr. Powis ap konseye ou pou klas 10^{yèm} rive 12^{yèm} ane.

Student ID	Last Name	First Name	Gender	Official Class	GL	Counselor
123456789	Last Name	First Name	F	901	09	BURDIER VANNESSA

	Monday	Tuesday	Wednesday	Thursday	Friday
Period: 1	HUS21 / 1 US HISTORY 1 OF 2 OTTO / 223	HUS21 / 1 US HISTORY 1 OF 2 OTTO / 223	HUS21 / 1 US HISTORY 1 OF 2 OTTO / 223	HUS21 / 1 US HISTORY 1 OF 2 OTTO / 223	HUS21 / 1 US HISTORY 1 OF 2 OTTO / 223
Period: 2	SLS21 / 3 LIVING ENV 1 OF 2 BRATHWAITE / 318	SLS21 / 3 LIVING ENV 1 OF 2 BRATHWAITE / 318	SLS21 / 3 LIVING ENV 1 OF 2 BRATHWAITE / 318	SLS21 / 3 LIVING ENV 1 OF 2 BRATHWAITE / 318	SLS21QL / 3 LIVING ENV 1 LAB 1 OF 2 BRATHWAITE / 318
Period: 3	RQS81 / 1 Career & Development HORN / CAFE	PFS11 / 2 PHYS ED LAZARUS / GYM	RQS81 / 1 Career & Development HORN / CAFE	PFS11 / 2 PHYS ED LAZARUS / GYM	RQS81 / 1 Career & Development HORN / CAFE
Period: 4	PHS11 / 1 HEALTH MENDEZ / 112	PHS11 / 1 HEALTH MENDEZ / 112	PHS11 / 1 HEALTH MENDEZ / 112	PHS11 / 1 HEALTH MENDEZ / 112	PHS11 / 1 HEALTH MENDEZ / 112
Period: 5	ZLUN / 2 LUNCH / CAFE	ZLUN / 2 LUNCH / CAFE	ZLUN / 2 LUNCH / CAFE	ZLUN / 2 LUNCH / CAFE	ZLUN / 2 LUNCH / CAFE
Period: 6	MES21 / 1 Common Core Algebra 1 1 OF 2 HARGROVE / 118	MES21 / 1 Common Core Algebra 1 1 OF 2 HARGROVE / 118	MES21 / 1 Common Core Algebra 1 1 OF 2 HARGROVE / 118	MES21 / 1 Common Core Algebra 1 1 OF 2 HARGROVE / 118	MES21 / 1 Common Core Algebra 1 1 OF 2 HARGROVE / 118
Period: 7	EES81 / 3 ENGLISH 9 1 OF 2 JONES / 118	EES81 / 3 ENGLISH 9 1 OF 2 JONES / 118	EES81 / 3 ENGLISH 9 1 OF 2 JONES / 118	EES81 / 3 ENGLISH 9 1 OF 2 JONES / 118	EES81 / 3 ENGLISH 9 1 OF 2 JONES / 118
Period: 8	FSS61 / 1 SPANISH 1 OF 2 VELASCO / 110	FSS61 / 1 SPANISH 1 OF 2 VELASCO / 110	FSS61 / 1 SPANISH 1 OF 2 VELASCO / 110	FSS61 / 1 SPANISH 1 OF 2 VELASCO / 110	FSS61 / 1 SPANISH 1 OF 2 VELASCO / 110

HUS21/1 – Sa a se kòd ak seksyon pou klas ou a.

US HISTORY – Sa a se non klas ou a.

OTTO – Sa a se non pwofesè ou a.

223 – Sa a se nimewo salklas la.

Premye nimewo ki nan nimewo sal la se etaj kote klas la ye a, kidonk sa a se nan 2yèm etaj la.

Kèk sal pa gen nimewo tankou MC, CAFE, ak GYM. MC se sant medya epi li nan 3yèm etaj la. CAFE se kafeterya a epi li nan 2yèm etaj la. GYM se gymnasium la epi li se nan sousòl la.

Kòd klas sa a ak non klas sa a sanble pa klè, men li se konsèy. Konsèy se yon klas ki pa akademik kote ou kapab konekte avèk pwofesè a konsènan klas ou a sou diferan sijè tankou konfyans nan tèt ou, jesyon tan, ladrès pou siviv, ak plis ankò.

Leadership

STEM

College-Bound

Health & Wellness



HARVARD
Extension School





Règleman sou telefòn selilè nan TYWLS Queens

1. Èske mwen ka itilize telefòn selilè mwen pandan jounen an?

- Y ap ranmase telefòn selilè pou klas 6yèm ak 7yèm ane chak jou nan kòmansman premye peryòd la. Y ap remèt telefòn yo nan fen dènye peryòd jounen an.

2. Poukisa mwen pa ka itilize telefòn selilè mwen pandan jounen an?

- Telefòn fè elèv pa ka konsantre yo nan aktivite ki fèt nan salklas.
- Elèv ka itilize telefòn selilè pou triche nan egzamen.
- Telefòn selilè bay aksè fasil nan rezo sosyal. Yo pa pèmèt ou itilize rezo sosyal pandan lè lekòl oswa nan lokal lekòl la.
- Itilizasyon telefòn selilè pandan jounen lekòl la fè elèv vilnerab pou pèdi zafè yo ki gen valè oswa yo vòlè li malerezman.

3. Èske mwen ka itilize telefòn mwen pandan klas la?

- Ou ka itilize telefòn ou sèlman nan klas si pwofesè a apwouve l pou rezon rechèch nan salklas la.

4. Èske mwen ka itilize telefòn selilè mwen nan twalèt la?

- Non, itilizasyon telefòn selilè nan twalèt anpeche jèn fi ki bezwen itilize twalèt la fè san pwoblèm.

5. Kisa k ap pase si mwen itilize telefòn selilè mwen pandan jounen an?

- Si yon elèv vyole règleman telefòn selilè nou an plizyè fwa, y ap pran youn mezi disiplinè sa yo kont li:
 - Lè li rive nan lekòl la, l ap oblije fèmen telefòn selilè li epi bay asistan direktè klas li a telefòn lan. Mr. Diaz se asistan direktè klas 6yèm jiska 9yèm ane.
 - Madam Pineda se asistan direktè klas 10yèm rive klas 12yèm ane.
 - Paran/responsab lan ap vin pran telefòn selilè a nan fen jounen lekòl la.
 - Si elèv la kontinye vyole règleman telefòn selilè a, deranje pwosesis edikasyon an, ak mete lekòl la an danje. Y ap entèdi elèv la pote telefòn selilè nan lekòl li a.

Tanpri sonje:

- Si w bezwen kominike avèk pitit fi w la oswa li bezwen pale avèw, tanpri kontakte biwo prensipal la. Mèsi pou sipò w epi ede nou kenbe yon anviwònman ansèyman pwofesyonèl san distraksyon mwens ke posib.



Ki kote pou mwen ale si...

Mwen gen yon kesyon jeneral	Biwo prensipal (Main Office), sal 221
Mwen bezwen chanje adrès/nimewo telefòn mwen	Biwo prensipal, sal 221
Mwen bezwen rele lakay mwen.....	Biwo prensipal, sal 221
Mwen bezwen bay nòt pou absans mwen an	Biwo prensipal, sal 221
Mwen bezwen papye travay	Biwo prensipal Ms. Lewis
Mwen pèdi Metrocard	Ms. Paredes, Biwo prensipal, sal 221
Mwen pèdi ID	Mr. Weekes, kafeterya, sal 216
Mwen pèdi orè mwen.....	Konseye, Ms. Quionez, sal 224/ Ms. Galimi
Mwen gen yon pwoblèm/mwen bezwen sipò	Konseye, Ms. Quionez, sal 224/ Ms. Galimi
Mwen bezwen enfòmasyon konsènan kolèj	Ms. Ameer
Mwen bezwen enfòmasyon sou SAT/ACT	Ms. Ameer
Mwen bezwen enfòmasyon sou kondisyon pou gradyasyon	Ms. Galimi
Mwen ta renmen kòmanse yon klib (club)	Mr. Diaz
Mwen bezwen itilize yon konpitè	Media Center, sal 316
Mwen malad/blese	Biwo medikal, sal 120
Mwen gen yon ijans	Ajan sekirite, koulwa prensipal
Pou paran ki bezwen èd/enfòmasyon	Mrs. Jean-Remy, sal 221A

POU YON IJANS ALE NAN BIWO KI PI PRE A OSWA KOTE YON MANM ESTAF

Leadership

STEM

College-Bound

Health & Wellness

